

Vaksen pou COVID-19

Detay ou bezwen konnen sou Vaksen COVID-19 lan*



Li SAN DANJE

FDA bay otorization pou vaksen COVID-19 ki disponib yo epi Komite Konsèy CDC sou Pratik Iminizasyon rekòmande vaksen sa yo.

Pou vaksen sa a, yo swiv menm etap pou analiz ak apwobasyon ke yo itilize pou tout vaksen. Yo te devlope vaksen yo vit, men yo pat fè neglijans nan zafè sekirite. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite vaksen, vizite mass.gov/COVIDVaccineSafety



Li GRATIS

Gouvènman federal la bay tout moun vaksen COVID-19 la gratis.

Yo gendwa mande w enfòmasyon sou asirans ou pou founisè swen an kap ba w vaksen an ka voye bòdwo bay asirans ou. Sepandan, yo pa pral chaje w. Si w pa gen asirans, ou toujou elijib pou resevwa vaksen an gratis.



Ou gendwa bezwen DE dòz pou w ka vaksinen KONPLÈTMAN

Toutotan w pa vaksinen konplètman, ou kapab toujou trape COVID-19 lan epi simaye l.

- **Vaksen Pfizer:** omwen **21 jou** aprè premye dòz la
- **Vaksen Moderna:** omwen **28 jou** aprè premye dòz la
- **Vaksen Johnson & Johnson (Janssen):** yon **sèl** dòz

Se pa tout moun ki pral vaksinen lè oumenm ou pral vaksinen. Epitou, alòske nou konnen ke vaksen yo diminye anpil ka grav yo ak sentòm yo, nou toujou ap aprann lòt bagay sou pwoteksyon ke yo bay. Kontinye mete yon mask, lave men w, kenbe distans ou epi evite gwoup moun menm lè ou fin vaksinen konplètman.



Se nan MENM LOKASYON an ou ta dwe resevwa de dòz ou yo.

Ou ta dwe resevwa dezyèm dòz ou nan menm vaksen an e nan menm lokasyon kote w te pran premye dòz ou.

Anvan w kite randevou pou premye dòz ou, planifye oswa konfime kijan pou òganize pwochen randevou w (pou vaksen Pfizer ak vaksen Moderna)



Chèche konnen nan mass.gov/covidvaccinephases kilè w kapab vaksinen.

Massachusetts ap bay vaksen COVID-19 lan pa faz sou yon peryòd de tan, e li konsantre sou egalite ak sekirite.

Orè a konsantre sou zafè kenbe kapasite sistèm sante a, atake injistis nan zafè jwenn swen sante ansanm ak fado COVID-19 lakòz epitou pwoteje popilasyon vilnerab yo. Chak faz gen gwoup priyorite anndan yo. Pou jwenn enfòmasyon ke yo mete ajou regilyèman sou gwoup priyorite, sou djòb ki elijib epi sou kondisyon medikal yo, vizite mass.gov/COVIDVaccinePhases

* Dènye fwa yo te mete ajou enfòmasyon sa a se 15/3/2021 e li aplikab pou vaksen Moderna, Pfizer ak Johnson & Johnson (Janssen) yo.

